



AYITI

Ve RESANSMAN JENERAL POPILASYON AK KAY MOUN RETE


Resansman popilasyon an se zafè nou tout ann pote kole

KÒB RESANSMAN KOUTE



approx. 2.7 USD/capita

FINANSMAN KONTRIBISYON AN USD



Kontèks

Enstiti Ayisyen Estatistik ak Enfòmasyon (IHSI) ap fè senkyèm Resansman Jeneral Popilasyon ak Kote Moun Rete an Ayiti sou labanyè Ministè Ekonomi ak Finans (MEF). Li jwenn tou sipò teknik UNFPA. Yon dekrè prezidansyèl ki te parèt bay resansman an yon baz legal epi konsidere l tankou yon operasyon kote yo dwe konte chak grenn moun. Sa ap pèmèt popilasyon an bay kout men pal nan operasyon sa a epi ranfòse karaktè ofisyèl enfòmasyon yo ranmase yo. Li enpòtan anpil pou Ayiti òganize resansman 2018 la paske se te depi nan lane 2003 yo te fè dènye resansman nan peyi a. Moun kap planifye ak moun kap pran desizyon bezwen enfòmasyon fre ak enfòmasyon moun fè konfyans pou prepare, aplike, swiv pazapa epi evalye pwogram devlopman yo. Resansman an se tou yon zouti ki pral ede Ayiti mezire pwogrè li fè, bay rapò sou endikatè Agenda 2030 yo, bay rapò nan rejyon an sou Konsensus Montevideo ak lòt pwogram devlopman ki enpòtan. Aktè devlopman yo, tankou Nasyonzi, sous lajan entènasyonal yo, ONG nasyonal ak entènasyonal yo, bezwen yon seri enfòmasyon konsekan sèlman yon operasyon resansman ka pote.

Yon kout je sou resansman an

Yon resansman jeneral popilasyon ak kote moun rete gen ladan l divès etap, tankou ranmase, òganize tout kalte enfòmasyon wap ranmase yo, evalye, analize, fè konnen ak simaye enfòmasyon sou popilasyon, sou ekonomi ak enfòmasyon sosyal, nan yon tan espesyal, konsènan tout moun ak tout kay ki gen nan peyi a. Etap planifikasyon ak jesyon resansman a deja koumanse. Etap denonbreman nan resansman an, kidonk konte chak grenn moun, ta dwe fèt nan dènye trimès 2018 la alòske rezilta final la ta dwe pare nan dènye trimès 2019 la.

Yon resansman ki konsidere reyalyte lavi fanm ak gason

Resansman yo bay enfòmasyon nasyonal sou yon latrye aspè ki gen awè ak lavi moun yo, sitou sou popilasyon an ak jan l repati selon laj ak sèks moun yo, si ou marye ou pa, si ou ka fè pitit ou pa, aktivite ekonomik ak repatisyon pwofesyonèl / endistriyèl, estati pwofesyonèl, e latrye. Kalte enfòmasyon sa yo, ki al jwenn ni fanm ni gason yo, enpòtan anpil pou fè analiz sou reyalyte la vi fanm ak gason. Yo te konsidere aspè sa a (reyalyte la vi fanm ak gason) nan moman yo tap prepare kesyonè yo, nan moman yo tap fè fòmasyon epi rekrute ajan resansman yo, nan moman yap fè sensibilizasyon ak konte moun yo.



Resansman popilasyon an se zafè nou tout ann pote Kole

Estrikti jesyon




Se IHSI k ap jere pwogram resansman an, ak sipò yon Konseye Teknik anchèf ki gen anpil eksperyans, pou sipèvizè divès etap ki gen awè ak preparasyon ak reyalizasyon resansman an. Gen yon komité teknik entènasyonal, ki gen ladan l reprezantan biwo nasyonal estatistik Kanada, Meksik ak Etazini, k ap fè yon sipèvizyon epi bay yon kout men sou bò pa l, yon fason pou resansman Ayiti a ka respekte tout prensip entènasyonal yo.

Prensipal rezilta resansman an




- Gen bon jan enfòmasyon moun fè konfyans e ki bay presizyon sou karakteristik popilasyon, sou fason moun yo ap viv ak ekonomik yo, ki disponib epi aksesib pou pèmèt desidè yo pran desizyon ki chita sou enfòmasyon verifye epi solid, pou prepare, swiv epi evalye pwogram devlopman pou tout peyi a, pou kèk rejyon ou kèk sektè espesyal;
- Aktè k ap entèveni nan divès domèn gen plis konesans sou karakteristik, modèl ak tandans popilasyon yo;
- Gen divès enfòmasyon espyal sou "Fanm an Ayiti" nan kad piblikasyon ki gen pou fèt yo;
- Yo itilize plis, nan tout nivo, enfòmasyon pou prepare, swiv epi evalye pwogram ak plan devlopman yo;
- Peyi a vin gen plis kapasite nan ranmase enfòmasyon, trete, analize, simaye ak itilize enfòmasyon sa yo. Peyi a vin gen plis kapasite nan System enfòmasyon teritwa peyi ya (SIG), nan gesyon resansman ak planifikasyon estratejik.

Metòd pou rive konte chak grenn moun



Y ap konte popilasyon an swivan kote yo rete, kit se kay kote yon grenn moun rete, kit se kay kote plizyè moun ansanm rete. Pami moun ki rete nan divès kalte kay sa yo, y ap konsidere sa ki deja pase 6 mwa nan kay sa yo, ak moun ki pase mwens pase 6 mwa nan kay sa yo, men ki gen entansyon rete la pandan 6 mwa pou pi piti. Jan yo abitye fè sa nan plizyè lòt peyi lè gen resansman, resansman 2018 la ap itilize metòd kalkil kote ajan yo ap poze kesyon e moun yo ap reponn. Pou ranmase enfòmasyon yo, y ap itilize yon seri aparèy yo rele tablèt k ap pèmèt yo anrejistre enfòmasyon yo, fè swivi pandan kakil popilasyon an ap vance, sa k ap pèmèt yo trete enfòmasyon yo pi vit epi pou piblye yo pi vit.

Rive jere risk yo



Pou resansman an byen pase, fòk gen yon angajman nasyonal, fòk bayè lajan yo angaje yo tou nan koze a, fòk yo ranfòse kapasite tout moun ki andedan pwosesis la, epi garanti kalite enfòmasyon yo. Dokiman pwojè resansman an bay detay sou tout kesyon sa yo. Dokiman pwojè a gen andedan l yon tablo ki gere risk yo, ki konsidere divès defi ki gen awè ak risk politik, ak risk gouvènans, risk makwoekonomik, risk ki gen awe ak kalandriye, ak reyalizasyon resansman an, risk nan koze sekirite ak risk enstitisyonèl.

Kalandriye



Konté moun

Nov-Déc. 2018



Ankèt apre resansman

Janvier 2019



Pibliye enfòmasyon ki nan resansman an

Sept- Déc 2019



16 000

Ajan
resansman

146
komin

10,184
lokalite

Plan analiz

- Karakteristik sosyal yo ak karakteristik sou popilasyon
- Fètilite
- Mòtalite
- Migrasyon nasyonal ak entènasyonal
- Edikasyon
- Karakteristik ekonomik,
- Andikap
- Karakterisk kay yo, dlo pou moun jwenn
- Tretman fatra solid, e latriye.